



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 3/22/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOJÈ 42 MILYON POU RETIRE DE-KILOMÈT
TWOSON NAN ROBERT MOSES PARKWAY AK REYABIITE AKSÈ NAN ZÒN BÓ
DLO NIAGARA FALLS**

*Pwojè a ap re-ouvè aksè a zòn bò dlo nan pasaj Niagara River nan ri vil la;
ogmante opòtinite lwazi*

W ap jwenn foto pwojè ki pwopoze a [la](#)

*Gouvènè a lanse konpetisyon pou ankouraje Nouyòkè yo pou pwopoze yon
nouvo non pou Robert Moses Parkway*

*Yap aksepte soumisyon yo sou entènèt jiska 5 p.m. nan dat 30 Avril 2016
nan <http://go.ny.gov/Niagara>*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York ap ranplase yon twonson de-kilomèt ki pa itilize nan pati nò Robert Moses Parkway nan Niagara Falls avèk espas lib, bote panoramik ak santye rekreyasyon pou fè zòn dlo a vini pi aksesib pou rezidan, touris ansanm avèk vizitè yo. Pwojè a make pi gwo ekspansyon espas vè depi yo te deziyen Niagara Reservation nan 1885, e li pral relye pasaj Niagara River ak Chit la an yon destinasyon inik pou pèmèt aksè ki pi fasil nan bò dlo a.

“Bote natirèl san parèy Niagara Falls atire plizyè milyon vizitè chak ane e jodia nap kontinye bati sou sa ki fè rejyon sa spesyal anpil,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa ap re-imaginer parkway a pou pi byen itilize ozanviwon park la epi ouvè bòdmè a pou tout moun pwofite. Niagara Falls se youn nan pi bèl destinasyon nan mond lan e nou pral kontinye fè investisman transfòmatif kap ede kenbe stati vil la kòm youn nan destinasyon touris nan nivo mondyal.”

Pwojè a ap retire de kilomèt twonson ki pa itilize nan parkway a apati Main Street pou rive nan Findlay Drive. Li pral gen ladan yon rekonstriksyon Whirlpool Street, sa ki pral retrase an yon ri de vwa pou bay aksè nan tout nò-sid nan sekasyon pasaj koridò Niagara ki pi pre nan parkway a. Wap jwenn kontrandi sou seksyon nò ak sid nan parkway ki re-oryante a, [la](#) ak [la](#).

Gouvènè a te lanse tou yon nouvo konpetisyon ki pral bay Nouyòkè yo opòtinite pou renome Robert Moses Parkway. Moun sila yo ki enterese ka soumèt sijesyon non ki montre istwa rich ak anvivonman natirèl rejyon an. Yap aksepte soumisyon yo sou entènèt jiska 5 p.m. nan dat 30 Avril 2016. Yon komite ki konpoze de reprezantan eta ak manm nan kominote lokal la ap chwazi non ki genyen an. Yo ka soumèt sijesyon yo

[la.](#)

Aprè ke yo fin retire apeprè 18 kawo asfalt, apeprè 300 kawo espas vè ap ouvè nan antre rebò twonson Niagara ant Niagara Falls State Park ak Whirlpool ak DeVeaux Woods state parks. Sa ap pèmèt nouvo opòtinite lwazi nan zòn lan, enkli bote panoramik ak santye ki ka itilize pou randone, sikilis ak ski nan rejyon an.

Pwojè \$42 milyon an ap finanse pa New York Power Authority, sa ki posede apeprè 71 pousan nan tè kote yap retire parkway a. Nan kad konstriksyon pwojè Niagara Power ki toupre nan ane 1950 yo, NYPA te bati Robert Moses Parkway. Yo te gade nan epòk la kòm nesès pou alafwa amelyore touris pou fè konpetisyon avèk pati Kanadyen nan Chit la, ak pou konsiderableman redwi tan vwayaj nan zòn lan.

Nan 2014, NYPA te bay jiska \$2 milyon pou plan preliminè ak teknik anviwonman pou pwojè a, enkli retire yon pati nan parkway a, planifye pou peyizaj ak restorasyon abitat rebò peyizaj la ak rekonstriksyon Whirlpool Street, ki toupre a aliyman aktyèl nan parkway a. Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York ap kontribye tou \$2 milyon nan direksyon pwojè a.

Yap aksepte soumision yo sou entènèt pou non Robert Moses Parkway jiska 5 p.m. nan dat 30 Avril 2016. Yon komite ki konpoze de reprezantan eta ak manm nan kominote lokal la ap chwazi non ki genyen an. Yap devwale nouvo non an sou yon siy pèmanan pandan yon seremoni koupe riban lè pwojè a fini. Yo ka soumèt sijesyon yo nan <http://go.ny.gov/Niagara>.

Yo prevwa pou retire parkway a nan kòmansman 2018 e lap pran apeprè dezan. Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York posede anpati wout la. Depatman Transpò kenbe epi jere wout la, sa ki pral sipèvizè apèl dòf ak pwosesis konstriksyon pou pwojè a.

Se pa premye fwa ke parkway a, ki te rele orijinalman Niagara Parkway, te modifiye. Yo te retire seksyon orijinal la jiska Niagara Falls State Park nan 1989 e li te kontoune pa John Daly Boulevard ak Niagara Street. Anplis, wout la nan direksyon sid ant Niagara Falls State Park ak Devils Hole State Park te konvèti nan 2001 an yon santye lwazi.

Gil C. Quiniones, Prezidan ak PDG NYPA, te deklare, “Li ra ke nou rive a panse sou kijan pou nou itilize enfrastrikti nan nivo sa a. Nou fyè paske nou fè pati nan transfòmasyon pasaj Niagara River.”

John R. Koelmel, PDG NYPA, te deklare, “Li entèsan ke reizdan yo ki abite pandan lavi yo nan Lwès New York ap anmezi pou eksperimante pasaj ak Chit la nan yon fason tou nouvo, san nou pa mansyone plizyè milyon vizitè ki fè Chit la vini youn nan premye atraksyon touris nan eta.”

Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Pwojè anlèvman Robert Moses Parkway ap pèmèt aksè a lwazi dirèk nan Niagara River, e rejyon an ap benefisye grandman lè yo retire obstak fizik ak sikoloji sa ki te anpeche pasaj Niagara ak katye Niagara Falls yo pandan plizyè deseni.”

Rose Harvey, Manm Komisyonè Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik, te deklare, “Konekte ak amelyore plizyè santèn kawo espas vè nan pasaj Niagara ap benefisye alafwa touris yo ki vizite rejyon an ansanm avèk moun yo kap viv isit la. Li se yon lòt egzanp sou angajman Gouvènè Cuomo pou revitalize alafwa vil la ansanm avèk state park nan Niagara Falls.”

Komisyonè Depatman Transpòtasyon, Matthew J. Driscoll, te deklare, “Gouvènè Cuomo te yon fwa ankò devlope yon pwojè enfrastrikti ki konsidere tout itilizatè yo. Kenbe mobilite pandan yap ouvè aksè a zòn dlo a se yon gwo viktwa pou kominote sa ansanm avèk vizitè yo.”

Depite Brian Higgins te deklare, “Jodia moun Niagara Falls ap reklame sa ke yo te pran enjisteman nan men yo – aksè a rivyè ki alimante chit la ke vil la te pote non l,” te deklare Depite Brian Higgins. “Pwojè sa fè plis pase retire yon parkway, li bati yon vil.”

Senatè Robert Ortt te deklare, “Pwojè enpòtan sa se yon gwo viktwa pou Vil Niagara Falls e rezilta final efò koperatif nan nivo lokal, eta ak federal. Retire seksyon nò nan Robert Moses Parkway ap bay plizyè kawotè espas lib epi konekte katye yo nan zòn dlo a. Plan sa balanse bezwen pou touris ak transpòtasyon, e li pral anfèt amelyore yo, pandan lap santre sou delvopman kominotè ak ekonomik ki nesèsè depi lontan. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak NYPA paske li te fè sa vini yon priyorite e map rete tann pou m travay avèk yo pou transfòme tout Chit la.”

Manm Asanble John Ceretto te deklare, “Rekonfigire Robert Moses Parkway ap gen yon enpak transfòmasyon, pèmèt rezidan yo nan vil la, ansanm avèk touris yo, reklame zòn bò dlo yo a. Pap gen expressway ankò nan lakou nou sa ap ouvè zòn nan pou aktivite lwazi ak rekreyasyon. Mwen pat ka pi fyè de pwogrè administrasyon sa ansanm avè m pou amelyore opòtinite nan Niagara Falls. Plan sa ap san dout favorize yon avni ekonomik ki pi briyan pou fanmi nou yo, Vil Niagara Falls ansanm avèk kominote avwazinan yo.”

Majistra Niagara Falls Paul Dyster te deklare, “Gouvènè Cuomo te demontre pèseverans li pandan lap debarase Vil Niagara Falls de Parkway Robert Moses Parkway ansanm avèk plizyè deseni enpak negatif. Sou lidèchip vizyonè Gouvènè a, nou gen privlèj pou nou temwen pi gwo ekspansyon nan park Niagara Falls depi jou Frederick Law Olmsted. Jodia, anlèyman pati nò Robert Moses Parkway vini yon reyalite, e yon lòt seksyon nan zòn bò dlo nivo mondyal nou an ap retounen finalman pou rezidan ak vizitè yo ki soti toupatou nan mond lan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418